

**ЛÆГИ ЛÆГДЗИЙНАДÆ ÆЙ ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ, Æ ЦАРД ДÆР ИСНИВОНД КÆНУНÆЙ!..**

***КАЛОТИ Хазби (1921-1943), поэт, публицист: «Хуарзæй байзайæ, мæ райгурæн Ир!.. Уарзун дæ... Уарзун дæ æма корун, ма мæ феронх кæнæ. Неци дин равардтон хуарзæй, нæ адтæй рæстæг... Ехх! Фал мæ бон адтæй уарзун, бауорамæн кæмæн нæййес, уæхæн уарзондзийнадæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№37 (908) 2023 анзи 30 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

# «ИМИСГÆ БА ДÆ ЗÆРДДОНÆЙ, БÆРÆГ ЦИТГИН КУ КÆНÆН!..»




Гурджибети Блашка е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: *«Нæ хъурми æнцон дæ номæй // Ку уолæфæн, ку цæрæн, // Имисгæй ба дæ зæрддонæй, // Бæрæг цитгин ку кæнæн!..»*

Æ аци загъдæй, æвæдзи, зæгъун æнгъезуй æхе туххæй дæр. Ку цардæй æма ку архайдта, уæдæй рæстæгути цал фæлтæри райевгъудæй, уæддæр æ рохс ном, æ алæмæти æскъуæлхтдзийнæдтæ нæ дзиллæй иронх нæ ’нцæ, æ исфæлдистадæ нин разæнгардгæнæг æма развæндаг амонæг æй. Нурба ма ин цитгингæнæнæн арæзт æрцудæй еума хуарздзийнадæ. Ацал-ауал анзей дæргъи еци дзорæги-дзорæги ке фæдбæл цудæй дзубандитæ, еци æнæсеккæй гъæугæ гъуддаг кæдæйуæдæй арæзт æрцудæй – нæ Иристони разагъди лæгтау еу, уруссаг-япойнаг тугъди бæгъатæр, рохситауæг, искурдиадæгин поэт æма драматург, дигорон аййевадон литературæн æ бундорæвæрæг Гурджибети Майрæнсауи фурт Блашкайæн Мæздæги райони æ райгурæн Масугъæуи (станицæ Ново-Осетинская) æ фидиуæзæг иссæй æ Хæдзарæ-музей. Еци æхцæуæн цауи фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.

**ЧИКОЛАЙ ДЗИЛЛÆ ЦИТГИН КÆНУНЦÆ СЕ ’ХСАРГИН ÆМГЪÆУККАГ, СОВЕТОН ЦÆДЕСИ БÆГЪАТÆР МАХЪОТИ АЛИХАНИ РОХС НОМ**

# «КÆНДЗИНАН УÆДДÆР БЕРÆ ÆНЗТИ МАХ Æ НОМЕРÆН ЗАР!..»




Уотæ загъд ес **Махъоти Алихани** туххæй зартæй еуеми. Æма æцæгæйдæр уотæ ’й – æхсаргин тугъдон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Махъоти Амурхани фурт Алихани рохс ном дзиллæ цитгинæй имисунцæ, æ номерæнæн ци берæ зартæ финст æрцудæй – айдагъ уонæй нæ, фал ма ин æндæр агъазиау мадзæлттæй дæр. Æ райгурæн Чиколай æ ном хæссунцæ гъæуи сæйрагдæр гъæунгтæй еу æма фицаг астæуккаг скъола, кæций тæккæ бацæуæни фарсбæл ба федаргонд æй æ номерæн къæйдорæйгонд мемориалон фæйнæг. Уæхæн фæйнæг æвæрд æй, Алихан Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл дæр. Фарæ сæрди Чиколай тугъдон намуси Аллейи æвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæр **Махъоти Алихани** Намуси ордени æнхæст кавалертæ **Хъалати Семени**, **Юрченко Иосифи** æма **Едзати Æхсарбеги** бюсттæ.

Æма мæнæ æрæги ба ма арæзт æрцудæй еума номерæн мадзал. Алихан Чиколай кæми райгурдæй æма гъомбæл кодта, еци цæрæнуати хæдзари фарсбæл цитгин уавæри æвæрд æрцудæй æ номерæн къæйдорæй конд фæйнæг. Аци арфиаг гъуддаг исаразунбæл зæрдиагæй байархайдта зундгонд амалгæнæг Хъарати Ибрагим – куд Алиханæн е ’мгъæуккаг, уотæ си хъæбæр сæрустур æй æма ’й æхецæн ихæсбæл банимадта æ ном ин никки исцитгиндæр кæнун.

*Махъоти Алихани туххæй нæ газети кæд берæ хæттити финстан, уæддæр уотæ банимадтан æма бунати уодзæнæй абони дæр бабæй æрмæг ниммухур кæнун. Кæсетæ ’й 5-аг фарсбæл.*


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Цæгат Иристони арæзт æрцæудзæнæй цæрæн бунæтти санитарон кæдзосдзийнади хуæрзвадуат æма цъæхвæлусти мæйон. Уой рæстæги гъæуама фæййахедгæдæр уа, нæ республики еугур рауæнти дæр цæрæн бунæттæ санитарон æма экологон æгъдауæй бахузæнон кæнунбæл, цъæхвæлусти фæзуæттæ фæффулдæр æма нæ алфамбулай бугъгалæнтæ фæмминкъийдæр кæнунбæл нуртæккæ ци куст цæуй, е.***

## ЕУГУРУÆРÆСЕУОН РАВДИСТ



Цæгат Иристони адæмон аййевади къабази сæдемæй фулдæр архайæги сæ алæмæти куститæ æвдесдзæнæнцæ форум-равдист «Уæрæсе»-йи, кæци рæхги байгон уодзæнæй Мæскуй Адæмон хæдзаради æнтæстдзийнæдти равдисти æма рахæсдзæнæй иннæ анзи 12 апърели уæнгæ. Еци кустити, еуæрдигæй, зиннунцæ нæ адæми истори, културæ, традицитæ, иннердигæй ба – нуриккон рахаст нæ културон, исфæлдистадон бунтæмæ. Цæгат Иристони минæвæрттæ архайдзæнæнцæ, форум-равдисти рæстæг ци аллихузон мадзæлттæ арæзт цæудзæнæй, уонæми – зæгъæн, спорти, култури, туризми æма æндæр къабæзти къуæрети.

## ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДИ РАЙРÆЗТÆН



Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин ци бардзурд бафинста, уомæ гæсгæ нæ бæсти 32 регионемæн лæвæрд æрцæудзæнæй уæлæнхасæн фæрæзнитæ, цæмæй уоми гъæуунхæдзарадон продукций кустгæнгутæн уа равгæ сæ хæрзтæ нихгæнунæн. Уæхæн агъаз райсдзæнæй Цæгат Иристон дæр – 363,8 миллион соми. Уони фæрци гъæуама арæзт æрцæуонцæ донхуаруггæнæн мадзæлттæ: бундоронæй нæуæггонд æрцæуонцæ донуадзæн æма соргæнæн системитæ, гидротехникон арæзтитæ, уæдта зæнхитæ искæдзос кæнонцæ нæгъæугæ бæлæстæ æма зайæгойтæй. Æма уотемæй, нуриуæнгæ æдзæллаг уавæри ка адтæй, еци зæнхитæй пайдагонд цæуа тиллæгон кустади.

## АХУРАДОН КЪАБАЗИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ




Тюмени VI Æхсæнадон форум «Кинопедагогика»-йи фæлгæти 2-4 октябри арæзт æрцæудзæнæй ахурадон программæ «Кинопедагогики квалификаци фæббæрзонддæр кæнуни курс». Аци анз мадзали архайгутæн уодзæнæй фадуат кинопедагогики квалификаци фæббæрзонддæр кæнуни курс рацæунæн, мастер-къласти æма ахурадон программити архайун. Ахурадон программæ арæзт æй, 35 анзи уæнгæ кæбæл цæуй æма æ кинопедагогикон зонундзийнæдтæ æма практикон фæлтæрддзийнадæ фæббæрзонддæр кæнун ке фæндуй, уæхæн æригон специалисттæн. Форуми архайун æнгъезуй, куд абони ахурти, уотæ фæсаууонмæ дæр. Регистраци си искæнун æнгъездзæнæй 01.10.2023 анзи сайт https//кинопедагогика.рф/fopum2023.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Аци анзи январæй ба августи уæнгæ Цæгат Иристони ци цæрæнуæттæ арæзт æрцудæй, уони еумæйаг фæзуат иссæй 365 мин квадратон метри. Нæ республики арæзтади æма архитектури министр Атарати Геуæргий загъдмæ гæсгæ, берæфатерон цæрæнуæтти арæзтади бæрцæ фари аци рæстæги хæццæ рабаргæй иссæй 200 процентемæ хæстæг, Цæгат Иристони 2023 анзи январæй августмæ берæфатерон цæрæнуæттæ арæзт æрцудæй 208 мин квадратон метри. Хе хæдзæртти арæзтадæ – 157 мин квадратон метри.

* * *

**Республики ниллæгдæр кæнуй сувæллæнтти игурунадæ. Зæгъæн, кæд аци анзи июли райгурдæй 535 сабийи, уæд фарæ ба еци афони – 633. Уотемæй ба фæффулдæр æй, ка рамардæй, еци адæми бæрцæ (аци анз 521 адæймаги, фарæ ба – 509). Еуцæйбæрцæдæр зæрдæ рохс кæнуй, уомæй æма Алагири, Æрæдони æма Дигори районти игурунадæ ке фæффулдæр æй, уомæй. Бæргæ-бæргæ, нæ республики иннæ рауæнти дæр уотæ ку уидæ...**

* * *

Уæрæсей социалон фонд куд игъосун кæнуй, уотемæй сахъат сувæллæнтти ниййергутæн аци анзи фиццаг сентябрæй фæстæмæ сæ бон уодзæнæй, анзи дæргъи син ци фæлладуадзæн бæнттæ лæвæрд цæуй закъонмæ гæсгæ, уони байеу кæнун, уæд уодзæнæнцæ æнæгъæнæ 24 бони. Раздæр уæхæн барæ нæ адтæй, еци бæнттæй пайдагæнæн адтæй айдагъдæр хайгай.

Ниййерæгæн, фæккæсæгæн Уæрæсей Фæллойнадон кодекси 262 статьямæ гæсгæ алли мæйæ дæр æнгъезуй раттун цуппар уæлæнхасæн фæлладуадзæн бони, æхца син фист цæуй – алли уæлæнхасæн бонемæн дæр ниййерæги рæстæмбес миздæй нимайгæй.

* * *

**Уæрæсей хецауади сæрдари хуæдæййевæг Татьянæ Голиковай загъдмæ гæсгæ, нæ бæсти кустадон къабæзти ци 30-39-анздзуд косгутæ гъæуй, уони бæрцæн е ’ртиккаг хаййæй фенæхай уодзæнæнцæ. Уотемæй ба еци кари косгутæ уæлдай хъæбæрдæр агурд цæунцæ, уомæн æма етæ ацъагъуæгиндæр æнцæ рæстæгути нæуæгдзийнæдтæмæ гæсгæ архайунмæ. Уæхæн кари косгути кадавардзийнадæ уæлдай хъæбæрдæр ба бæрæг æй промышленнон, транспортон æма арæзтадон къабæзти. Еци уавæр сагъæссаг æй абони Цæгат Иристони дæр.**

## ÆХСÆНАДÆ ÆМА ЦАРДИУАГИ ÆДАСДЗИЙНАДÆ




# ÆДАС ЛÆГÆН Æ РÆУОНÆ Æ РАЗÆЙ НÆ ЦÆУЙ!..

Уотæ дзориуонцæ нæ рагфидтæлтæ, æма син сæ загъд лæдæрун æнгъезуй фæдзæхсти хузæн: адæймаг уой ку лæдæра æма цидæр фидбилиз, ка ’й зонуй, æрцæудзæнæй, уæд рæуæнттæ гъæуама ма агора, фал си фæййервæзунæн мадзæлттæ араза. Ауæхæн гъуди, зæгъун æнгъезуй, иссæй æ сæйрагдæр медес, Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Федераций Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка** Цæгат-Кавказаг федералон округи æдасдзийнади, коррупций нихмæ архайди, барадон хуæрзæгъдау ефтонгкæнуйнади координацион советæн ке исаразта, еци æмбурди ци дзубанди рауадæй, уомæн. Дзубанди ба си цудæй æхсæнадон бунæтти, ахурадон уагдæнтти терроризми нихмæ мадзæлтти æмвæзадæ фæббæрзонддæр кæнун æма Цæгат Кавкази федералон зилди, раздæр ка ’рцудæй, уæхæн фудбæлæхтæ нæуæгæй не ’руадзуни æма рецидивон фудракæндтитæй хе гъæуай кæнуни фарстати фæдбæл.

Мадзали архайдтонцæ зилди субъектти разамонгутæ, Уæрæсей Федераций Генералон прокурори хуæдæййевæг **Андрей Кикоть**, Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Федераций Медгъуддæгути министради Сæйраг управлений хецау **Сергей Бачурин**, Цæгат Кавкази федералон зилди Уæрæсей Федераций Национ гвардий æфсæдти командæгæнæг **Сергей Захаров**.

Æмбурди райдайæни Юрий Чайка æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй, дзубанди ци фарстатæбæл цæуй, уони ахсгиагдзийнадæ уæлдай фæббæрæгдæр æй сæрмагонд æфсæддон операций уавæрти æма сæмæ уæлдай бæрнондæр цæстингасæй кæсун æма сæ тæккæ гъæугæдæр хузи æнхæст кæнун гъæуй. Æ загъд адтæй уотæ:

– Зилди субъектти хецауади æма барадæгъæуайгæнæг оргæнтæ устур куст бакодтонцæ ахурадон уагдæнттæ техникон æгъдауæй исефтонг кæнунбæл, байамудтонцæ ’й ахургæнгутæ æма скъоладзаутæн, террористон тасдзийнади рæстæг хе куд дарун гъæуй, уой. Фал, еуæй-еу разамонгутæ хатгай тасдзийнади æцæгдзийнадæ кенæ æнхæст нæ лæдæрунцæ, кенæ ба имæ уæлæнгай цæстингасæй кæсунцæ, æма уомæ гæсгæ профилактикон кустмæ се ’ргом фагæ не ’здахунцæ.

Аци фарстатæ æнхæст кæнунæй коммæ ихæсгин ка ’й, еци оргæнти размæ лæууй вазуггин ихæс: ахурадон уагдæнтти алкæддæр ахуртæ аразун, Уæрæсей Федераций ахурадæ æма науки министрадæ ци фæдзæхститæ бацæттæ кодта, уони бундорбæл.

Æмбурди æргом ма Юрий Чайка раздахта зилди фæзуати дуккаг хатт æрцæуйнаг æма рецидивон фудракæндти нихмæ мадзæлттæ гъæугæ æмвæзадæбæл ке ’нцæ. Уотæ, кæд 2022 анзи дуккаг хатт æрцæуæг фудракæндти нимæдзæ 1,2 процентни фæббæрзонддæр æй, уæд аци анз еци нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 4,4 процентни. Профилактикон кусти устур æргом æздахун гъæуй, ахæстдонæй ка рацудæй, уонæн куст раттуни гъуддагмæ.

Æмбурди архайдта нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** дæр æма уоми радзубанди кæнгæй, фæббæрæг кодта, ци фарстатæмæ цудæй каст, уони фæдбæл Цæгат Иристони циуавæр куст æма мадзæлттæ æнхæстгонд цæуй, уой.

## САГЪÆССАГ ФАРСТА

### БÆСТИ ПАЙДАЙÆН ГЪУДДАГИ ПАЙДАКÆНУНГЪОН МА УО БÆСТИ РАВГИТÆЙ , Е КУД ÆЙ?..

Уæрæсей Федераци рæстæгмæ æруорæдта хуæдтолгитæ техникон фæрæзнитæ гъæугæ артаги экспорт нæ бæстæй æндæр рауæнтæмæ ласуни фæткæ. Уой фæдбæл Уæрæсей Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин** ци бардзурд бафинста, уоми куд загъд æй, уотемæй аци мадзали нисанеуæг æй нæ бæсти медæгæ артагæй пайдагæнгутæн е фагæ куд кæна, уæдта ма уой фæрци æргъти ирæзт бауорамун. Ка ’й зонуй, артаг еугуремæн дæр фагæ кæндзæнæй, фал æ æргъти ирæзт уорæд æрцæудзæнæй, е ба хъæбæр секкаг æй... Уогæ идарддæр ци куд уодзæнæй, уобæл нуртæккæ нæ дзордзинан. Уомæн æма абони сагъæссагæй-сагъæссагдæр æй, нæ зингхуссунгæнгутæ ци уæззау уавæри бахаудтæнцæ, е. Артаг зингæ ке фæхъхъазардæр æй, уой хæццæ ба ма фагæ дæр ке нæ кæнуй, уой фудæй Цæгат Иристони фермертæ бауорæдтонцæ нартихуари тиллæг æфснайуни æма фæззигæндтæ тауни куститæ.

Зæгъæн, хумæллæггаг зундгонд зæнхикустгæнæг Кæсæбити Бариси нартихуари хумтæ ’нцæ 750 гектари. Сæ бафснайунæн æфстау ци ’хца райста банкæй, е исæхгæндзæнæй хæрзти 30 процентни.

– Фæззигæндтæ байтаунбæл нæбал дзорун, – хъæбæр тухстхузæй зæгъуй фермер. – Тиллæги фулдæр хай бафснайунæн мин фадуат нæййес. Е устур бæлах æй, уотæ некæд адтæй. Бæрнон уагæдæнтти дæр адтæн, фал мин неке нецæмæй фæййагъаз кодта. Тиллæг минкъийгай уæйæгæнгæй, гъавтон артаг æма исæрдæн æрмæг æлхæнун, фал нартихуар еци аргъæй – аргъбæл бафтудæй 5-10 процентни – неке æлхæнуй. Зæронд аргъбæл ба куд уæйæ кæнæн, кутемæй нихгæндзинан нæ хæрзтæ, етæ дæр аци анз зингæ фæффулдæр æнцæ.

Республики гъæууон хæдзаради министради уавæр бæргæ зонунцæ, фал фермертæн агъази туххæй неци зæрдæ æвæрунцæ...



**Медицинон наукити доктор, Уæрæсей Федераций, Цæгат æма Хонсар Иристони æскъуæлхт дохтир Бутати Майрæни фурт Тайморазбæл 27 сентябри исæнхæст æй финддæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**

*Сæрмагонд æфсæддон операций архайгути биййнонти иуонгтæн 1 октябрæй фæстæмæ сæ бон уодзæнæй Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон академион театри спектакльтæмæ лæвар бакæсун. Æцæг, спектакльтæмæ цæуни размæ сæ гъæуд-зæнæй билеттæ уæйæгæнæн кассæмæ бадзорун æма бафæдзæхсун, цæмæй сæ, ци спектакльмæ бакæсун сæ фæндæуа, уомæ билеттæ фæббæрæг кæнонцæ...*



## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ ТУРИСТОН КЪАБАЗИ РАЙРÆЗТÆН АХЕДГÆ МАДЗÆЛТТÆ



# ГЪОЛÆ ИСТОЛУН ÆМА ГЪОЛÆ САХ РАБАДУН КÆНУН ЕУ НÆ ’НЦÆ...

Цæгат Иристони фæзуати минкъий модулон фусунуæттæ исаразуни фарстатæмæ агъазиау æргом æздæхт цæуй. Уой фæдбæл республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис æрæги сæрмагондæй ци æмбурд исаразта, уоми уотæ загъта:

– Аци ахсгиагæй гъæугæ гъуддаг æнхæстгонд цæудзæнæй федералон грантти фæрци. Æма уони ка райста, уонæй æхсæрдæс бавдистонцæ сæ инвестицион проекттæ, кæцитæ гъæуама царди уагъд æрцæуонцæ 2023-2024 æнзти. Уоми фæййагъаз кæнунæн уæлæнхасæн ма райстан федералон субсидитæ 610 миллион сомей бæрцæ. Е хуарз равгæ ’й туристтæн зæрдæмæдзæугæ фæлладуадзæн бунæттæ исаразунæн Иристони алæмæти рæсугъд рауæнти, бæлвурддæр зæгъгæй ба – Алагири, Ирæфи æма Горæтгæрон районти.

Зæгъæн, цалдæр аллихузон конкурсей уæлахезон, Уæрæсей Президент Владимир Путин дæр устур аргъ кæмæн искодта, Цæллагти Заурбеги еци проект, «Фидтæлтиккон мæсугтæ» уруxдæргонд æрцæуудзæнæй «Экопарк «Алания», зæгъгæ, нæуæг æргъудигонди фæрци. Куд нисангонд цæуй, уотемæй 58 модулон хæдзари æма 90 номери исараздзæнæнцæ туристтæн Алагири райони Цæллагти фидтæлтиккон мæсуг, Дзивгъиси федар æма нæлгоймæгти Алайнаг моладзандонæмæ хæстæг.

Ци фæрæзнитæ лæвæрд æрцудæй нæ республикæн, уони фæрци дзæвгарæ фæуурухдæр уодзæнæй проект «Фæлладуадзæн индустри» Горæтгæрон райони. Æ фæзуати ма уæлæнхасæн фæззиндзæнæй, 90 бунати кæми уодзæнæй, уæхæн 30 минкъий фусунуати. Аци райони, Дæргъæвси гъæуи, исараздзæнæнцæ экопарк «Ирбис», уодзæнæй си берæфадуатгин туристон рекреацион комплекс æма туристтæн 50 уати.

Туристон базæ «Дзинагъа»-мæ фулдæр адæм ке цæунцæ сæ фæллад уадзунмæ, уой туххæй си гъæуй уæлæнхасæн бунæттæ исаразун. Федералон агъазæй ами дæр арæзт æрцæуудзæнæй 20 хуæрзвадуат минкъий фусунуати.

Алагири райони Рекоми ковæндонæ æма Цъæйи цъетемæ хæстæг æрбунат кæндзæнæй фусунуатон комплекс «ROOTS HOTEL».

Фондз минкъий модулон фусунуати фæззиндзæнæй инвестицион проект «Цъæй»-и фæлгæти, хуæнхаг фæлладуадзæн хеерхæфсæн курортмæ хæстæг. Фæзуати уодзæнæй бассейн æма надгæрон сервис.

Ци кемпингтæ æма глэмпинкти кой цæуй, уони еугурейдæр аразунцæ бунæттон экологон æрмæгутæй.

Æмбурди туризми гъуддæгути Комитетæн ихæсгонд æрцудæй Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти министради хæццæ бадзурд тагъддæр исаразун æма гранттæ рамолгутæмæ се ’хцай фæрæзнитæ бахъæртун кæнун.

Гранттæ ка райсдзæнæй, еци амалгъонти размæ дæр æвæрд æрцудæй бæлвурд ихæстæ. Уой фæдбæл Дзанай-фурт загъта:

– Берææносон истори кæмæн ес, уæхæн цæмæдесаг регион ан, нæ иуазгутæн ци равдесæн, ци радзорæн æма цæмæй растауæн, е нæмæ ес. Райстан фагæ фæрæзнитæ кемпингтæ æма глэмпингтæ исаразунæн, æма еугур мадзæлттæ дæр гъæуама арæзт æрцæуонцæ сæ нисангонд æмгъудтæмæ бæрзонд хуæрзгъæдæдзийнади хæццæ. Мах туристон инфраструктурæ æма фæлладуадзунæн хуарз фадуæттæ ке уруxдæр кæнæн, е æнæмæнгæ, хуарз æй, фал никки сæйрагдæр ба е æй, æма уотемæй нæмæ фæззиндзæнæй кусти нæуæг бунæттæ æма бюджети æфтуйæггæгтæ дæр зингæ фулдæр кæндзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ еугур еци куститæ кæронмæ рахъæртун кæнунæн ес устур нисанеуæг.

* * *

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Гъолæ истолун æма гъолæ сах рабадун кæнун еу нæ ’нцæ…» Имисгæ ба ’й уомæ гæсгæ ракодтан, æма туризми къабази, уæдта физкультурæ æма спорти райрæзтæн нисангонд мадзæлттæ зæрдæмæдзæугæ кæд æнцæ, уæддæр сæйрагдæр е æй, æма ци хузи æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ…

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# МÆГУР ЦАЛИНМÆ ГЪÆЗДУГИ МУЛК НИМАДТА...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй ауæхæн загъд: «Мæгур цалинмæ гъæздуги мулк нимадта, уæдмæ цирагъ ниххустæй…» Æма уотæ нæй?.. Уогæ цирагъ кæд ниххустæй, уæддæр кедæрти гъæздугдзийнæдтæ ба бæрæгæй зиннунцæ æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ ба æнцæ нæ бæлдитæ дæр. Æма циуавæр гъуддæгутæ æнцæ уæлдай сагъæссагдæр уæрæсейæгтæн, уой фæдбæл дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Левадæ-Центр* исаразта æрфарст мæнæ ауæхæн фарстати фæдбæл (дзуæппитæ лæвæрд цæунцæ процентæй).



- **Инфляци (æргъти ирæзт) – 53%**
- **Коррупци æма гæртанесундзийнадæ – 29%**
- **Нигулæни хæццæ нихмæлæуд – 29%**
- **Сæрмагонд æфсæддон операци – 29%**
- **Пенсимæ рацæуни карæ фæббæрзонд – 27%**
- **Адæми фулдæр хаййи мæгурдзийнадæ – 25%**
- **Медицинон лæггæдтæй пайда кæнуни кадавардзийнадæ – 22%**
- **Æндæр рауæнтæй æрбацæугути, мигрантти æрбагулф – 21%**
- **Цардиуагон фарстатæ (цæрæнуати æдзæллагдзийнадæ, æнæравги уавæртæ, ипотекæ...) – 20%**
- **Æгустдзийнади ирæзт – 19%**
- **Наркоманий ирæзт – 19%**

* Уæрæсей хецаудзийнадæ ’й нимайуй фæсарæйнаг агентбæл.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Разагъди дзурдарæхст лæг адтæй Насреддин. Еууæхæни еу каймакаммæ (искæсæйнаг бæстити кæцидæртеми хецауеуæггæнæг адæймаг) ку бацудæй, уæд е æхе хъæбæр æсхъæлæй дардта. Насреддин имæ рамæстгун æй, æма имæ дзоруй:

– Байгъосай, мæнæ лæг, цанæбæрæг фескъуæлхтæ, цæмæй дæхе уоййасæбæл нисхъæл кæнай?

– Ка дæн, уой зонис? Каймакам дæн, каймакам!..

– Фæуууæд уотæ, фал уой фæсте ба ци уодзæнæ?

– Губернатор!..

– Уæдта?

– Министр!..

– Никки ба ма ци уодзæнæ?

– Неци...

– Гъома, æз нуртæккæ куд неци дæн, уотæ!.. Цæветтонгæ, еууæхæни ме ’мсæр исуодзæнæ...

* * *

*Аци хабар, бæргæ, ку зониуонцæ нури хецауеуæггæнгутæ дæр æма ’й ку балæдæриуонцæ, сæ хецауеуæггадæ рæстæгмæ ке ’й æма исонибони ба си фенæхай уодзæнæнцæ, некетæ æма нецитæ фестдзæнæнцæ. Кæдимайди ба уотæ æнæнвæрсонæй нæ кæсиуонцæ хумæтæг адæммæ, цæмæй си ихæсгин æнцæ, еци гъуддæгутæ раст æма гъæугæ хузи аразунгъон исуиуонцæ... Æндæра сæхебæл æгæр æнвæрсунцæ, адæми сагъæстæ æмæ гъенцъунтæ сæмæ нимади дæр нæ ’нцæ. Е син, баруагæс уи уæд, исонибони фæсмойнаг уодзæнæй...*



**Олег РОЙ, уæрæсейаг финсæг: «Фæлдеветæ, алли бонæй дæр æма алли исæмбæлæг адæймагæй дæр тæмæссаг æнгъæлдзау уотæ – æма е æнæмæнгæ æрцæудзæнæй...»**

* * *

Фæлевæн дзубандитæ, гъома, бухсетæ æма æуууæндетæ, уæ бæлдитæ æнæмæнгæ исæнхæст уодзæнæнцæ, зæгъгæ, дзубандитæй æфсес ан. Тæмæссаг ба зиннуй æма нæ зиннуй. Советон доги еу гурдзиаг лæг, бахъонц кодта, коммунизм Гурдзий некæд ралæудзæнæй. Цæмæннæ, зæгъгæ ’й ку бафарстонцæ, уæд загъта: «Уомæн æма «Коммунизм не за горами », зæгъгæ, ку дзорунцæ...» Мах дæр, нæ цардиуаги уавæртæмæ гæсгæ кæсæн тæмæссæгтæмæ?



**Валерий ФЕДОРОВ, æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон Центри разамонæг: «Рагацау базонæн кæмæн нæййес, уæхæн æййивддзийнæдтæ алфамбулай ку цæуонцæ, уæд идард рæстæгутæмæ фæндитæ нисан кæнун æнæпайда миуæ æй. Уомæ гæсгæ ба цæрун гъæуй абони цардиуаги уавæртæмæ гæсгæ...»**

* * *

Æ бæлах е æй, æма абони нæ алфамбулай ци хабæрттæ-цаутæ цæуй, уони хумæтæг адæми зæрдитæ æгириддæр нæ рохс кæнунцæ. Уæд уотемæй ма исонибонмæ ба ци нисантæ кæнонцæ, кæд æма уæддæр абониккон цардиуагæ аразунгъон ку нæ ’нцæ, уæд?..



**Александр КАРЕЛИН, номдзуд спортсмен, Паддзахадон Думи депутат, Уæрæсей Бæгъатæр: «Мæ фæдздзурд уой фæдбæл æй, æма ниууадзун гъæуй даруйнæгти уавæри ун...»**

* * *

Æма нæмæ даруни-даруйнагдæр ба Паддзахадон депутаттæй хъæбæрдæр ка ’й? Сæхебæл уæларвон цæргути хузæн æнæнвæрсгæй адæми рагъи хæбæццæ бадт искодтонцæ, сæ пайда ба – хъæбæр секкаг...

Нæкæси, се ’хсæн агъазгъæуагæ дæр не ’ссердзæнæ, æгæр бонгинтæ дæр ма ’нцæ. Уотемæй ба ма æндеунцæ уайдзæфтæ кæнун дæр, се ’’дзæллаг уавæртæмæ гæсгæ æцæгæй фæккæсуйнаг ка ’й, уонæн...

**Нури сахар Мæздæгæн куд федар, уотæ бундор æвæрд ку ’рцудæй, уобæл 5 октябри æнхæст кæнуй дууæсæдæ æма æртинсæй анзи (1763).**

*ГУЛУТИ Андрей (1892-1979), финсæг: «Мах куд зонæн, уотемæй Блашкайæй раздæр аййевадон уадзимистæ неке финста дигорон æвзагбæл, кæд, ка 'й зонуй, еске финста, уæддæр æ финститæ некæми фæззиндтæнцæ мухури. Уомæ гæсгæ мах нимайæн Гурджибети Блашкай, дигорон æвзагбæл раздæр финсун ка байдæдта, еци поэтбæл... Æма ин æ рохс ном мах некæд феронх кæндзинан...»*


ТУСКЪАТИ Таймораз æма ХЪУСАТИ Зæлинæ Гурджибети Блашкай Хæдзарæ-музей игон кæнгæй.


Хæдзарæ-музейи уæттæй еу.

# «ИМИСГÆ БА ДÆ ЗÆРДДОНÆЙ, БÆРÆГ ЦИТГИН КУ КÆНÆН!..»

Фиццаг фарсбæл аци æрмæги райдайæни хумæтæги нæ бахацæ кодтан: «Ацал-ауал анзей дæргъи еци дзорæги-дзорæги ци гъуддаги фæдбæл цудæй дзубандитæ, е кæдæй-уæдæй арæзт æрцудæй...» Æцæгæйдæр, кæдæй ардæмæ радзорæ-бадзорæ кодтонцæ, Гурджибети Блашка Масугъæуи ци хæдзари райгурдæй æма æ сабийдогæ кæми рарвиста, уомæй арæзт æрцæуа æ номбæл Хæдзарæ-музей. Фал гъуддаг кæмæй аразгæ адтæй, етæ алли рæуæнттæй фæстæтæрæ кодтонцæ, хæдзарæ ба æдзæллагæй-æдзæллагдæр кодта... Уоййасæбæл неци арæзт цудæй, цалинмæ гъуддаг исаразуни ихæс æхемæ нæ райста нæ зундгонд амалгъон, райгурæн Иристони удварнæдзийнадæбæл æновудæй архайæг **Боллоти Таймораз**. Блашкай фидиуæзæг исхузæнон кæнуни гъуддæгутæ æнæгъæнæй дæр æхемæ райста. Куститæ æнхæст кæнунæн разамунд лæвардта Боллой-фурти æхсæнадон агъазгæнæг **Дзансолти Ермак**, арæстадон æма цалцæггæнæн куститæ æнхæстгæнгути разамонæг ба иссæй реставратор **Гобети Иристон**. Еуварс нæ адтæнцæ Гурджибети æма Хохойти муггæгти минæвæрттæ, Мæздæги районы разамунд æма гъæуи цæргутæ дæр.

Уотемæй бантæстæй арфиаг гъуддаг зæрдæмæдзæугæй исаразун. Блашкай фидиуæзæг райста æ кæддæри хуæрзведауцæ хузæ, хуæрззилд æрцудæй, ци уæттæ си ес, уонæмæ дæр æма æ дзатмамæ дæр. Рæсугъд фæлгонцгонд æнцæ цæрæнбунати тургъæ æма æ алфамбулай рауæнттæ дæр, тургъи ма бæрзонд бундорбæл æвæрд æй Блашкай бюст. Æнхæстгонд ма си æрцудæй æндæр аллихузон куститæ.

Æма мæнæ хуæрзæрæги, 23 сентябри Масугъæуи агъазиау мадзал арæзт æрцудæй Гурджибети Блашкай Хæдзарæ-музей байгон кæнуни фæдбæл. Архайдтонцæ си нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**, культури министри хуæдæййевæг **Хъусати Зæлинæ**, Мæздæги райони сæргълæууæг **Гугити Геннади**, Национ музейи сæргълæууæг **Цуцити Аслан**, Цæгат Иристони финсгутæ, æхсæнадон организацити минæвæрттæ, скъоладзаутæ, Блашкай æмгъæуккæгтæ æма синхаг гъæути цæргутæ.

Кадгин æмбурди радзубанди кодта Тускъати Таймораз. Уомæн уæлдай æхцæуæн куд нæ уа аци цийнаг цау – Блашка адтæй Тускъати хуæрифурт, æ мадæ Гуза (Марийæ) адтæй Тускъати Ивани кизгæ. Уомæ гæсгæ Тайморазæн æ радзубанди дæр уæлдай зæрдæмæгъаргæдæр рауадæй:

– Нæ республики Хецауади æма Парламенти номæй арфæ кæнун Мæздæги райони цæргутæн, Иристони дзиллæн, аци зæрдæбæлдарæн æхцæуæн цауи фæдбæл. Царди берæ аллихузон цаутæ 'рцæуй, фал си ес уæхæнттæ, æма иронхгæнæн кæмæн нæййес. Гурджибети Блашкай цардвæндаг æнхæстæй-æнхæстдæр иссæй æ алæмæти æскъуæлхтдзийнæдтæй – куд æфсæддон, уотæ исфæлдистадон угæгæбæл дæр ци бантæстæй, уонæн цийфæнди уæлиауæнæг хумæтæг дзурдтæй дæр аргъ искæнæн нæййес. Е Хетæгкати Къостай, Малити Геуæргий, Дзанайти Ивани æма нæ иннæ номдзуд лæгти хузæн æ номæй, æ исфæлдистадон, рохситауæн архайдæй нæ дзиллæн, нæ Фидибæстæн, æ муггагæн ци кадæ искодта, е гъæуайгонд цæудзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ, махæн, æ фæдонтæн ба нæ ихæс æй уобæл архайун, цæмæй æ карни цаутæ æма исфæлдистадæ æностæмæ цæрунгъон уонцæ. Блашкай хузæн лæгтæн иронхгæнæн нæййес!..

Парламенти Сæрдар Кади гæгъæдитæй æма арфи финстæгутæй исхуарзæнхгин кодта Гурджибети Блашкай Хæдзарæ-музейи арæстадæмæ, е 'сфæлдистадæ ин фæлтæртæн базонун æма бауарзун кæнуни гъуддагмæ зингæ æвæрæн ка бахаста, уони – реставрацион куститæ æнхæстгæнгути, Мæздæги райони æма Ново-Осетинскийи бунæттон хеунаффæйади администраций бæрнон косгути, бунæттон скъолай ахургæнгутæ, гъæуи цæргути.

Æмбурди радзубанди кæнгæй, Хъусати Зæлинæ ба загъта:

– Гурджибети Блашкай æфсæддон æма исфæлдистадон архайдæн æ рæстæги аккаг аргъ кодтонцæ нæ бæсти æма республики æфсади æма исфæлдистадон интеллигенций минæвæрттæ. Советон доги æ номерæнæн еу æма дууæ хатти арæзт не 'рцудæй исфæлдистадон изæртæ. Æ уадзимистæ мухури рацудæнцæ хецæн æмбурдгæндтæй. Аци мемориалон Хæдзарæ-музей цалцæггонд ке 'рцудæй, е дæр сæрустурдзийнади æма цийни хуасæ 'й. Ка ибæл байархайдта, уонæн сæ еугуремæн дæр зæрдиагæй арфæ кæнун. Аци артдзæстæ, кæд Блашкай номбæл æй, уæддæр си æ номи хæццæ баст разиндтæй, Иристони намусгин хъæболæ, Блашкай хуарз æмбал Хетæгкати Къостай ном дæр. Абонæй фæстæмæ аци Хæдзарæ-музей уодзæнæй, регионалон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн культурон цитдзæвæнти номхигъди. Цæмæй си исфæлдистадон æма рохситауæн цард æхседа, нæ республикæмæ иуазæгуати ка цæуа, еци туристтæ дæр æй уинонцæ, уобæл байархайдзинан.

Мадзали ма радзубанди кодта æма Гурджибети Блашкай алæмæти исфæлдистади агъазиау ахедундзийнади туххæй æ гъудитæ загъта литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор **Скъодтати Эльбрус**.

Цитгин мадзали архайгутæ Гурджибети Блашкай бюстбæл исæвардтонцæ деденгутæ. Хæдзарæ – музей байгони фæтки рæстæг сурх лентæ ралух кæнуни кадгин барæ лæвæрд æрцудæй Тускъати Таймораз æма Хъусати Зæлинæн.

Бæрæгбони архайгутæ æма иуазгутæ æрзилдæнцæ Хæдзарæ-музейи уæттæбæл, федауцæ тургъæ æма æндæр рауæнттæбæл.

Ами ма фæуууинæн адтæй Мæздæги аййевæдти скъолай ахургæнуйнæгти конд хузти медесгун равдист.

Хæдзарæ-музейи ци æрмæгутæ ес, уонæн сæ фулдæр ист æнцæ Мæздæги бæстæзонæн музейи фондтæй, берæ цæмæдесаг экспонаттæ нæуæг музейæн балæвар кодтонцæ гъæути цæргутæ дæр. Хæстæгдæр рæстæг Хæдзарæ-музеймæ лæвæрд æрцæудзæнæй Хетæгкати Къостай циртбæл Мæздæги цæргутæ ци къæй исæвардтонцæ, е. Финст ибæл ес Гурджибети Блашкай æмдзæвгæ Къостай туххæй. Æфснайд ба адтæй национ музейи фонди.

Хæдзарæ-музей байгон кæнуни фæдбæл кадгин æмбурди кæрони æвдист æрцудæй концерт. Архайдтонцæ си æма Блашкай цард æма исфæлдистади фæдбæл сæ гъудитæ дзурдтонцæ, е 'мдзæвгитæ ин уруссагау æма дигоронау кастæнцæ Ирон академион театри сæйраг режиссер **Сæбанти Тамерлан**, Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ **Царикъати Риммæ**, гъæуи скъолай ахурдзаутæ. Концерти адæми зæрдитæ сæ дæсниадæй барохс кодтонцæ культури Галауани аййевадон къуæртти архайгутæ дæр.

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг дæн, æма нæуæг рохсадон-культурон артдзæсти сæргълæууæгæй иснисан кодтонцæ **Годжити Эльбруси**, Блашкай райгурæн гъæуи цæрæги.

*ГАСАНТИ Валери*


Бæрæгбон исфедудта зæрдæмæдзæугæ концертæй.



Хуæрзеугутæ Хæдзарæ-музей исарæзтбæл бакосгутæн.


Мæздæги аййевæдти скъолай ахурдзаути кустити равдист.

***Василий ВИХРЕНКО (1918-2014), тугъдон журналист: «Чиколай рæбун тугъдтити рæстæг лейтенант Махъоти Алихан æ тугъдонти хæццæ æхсæвигон ци нимпурст исаразта, е уойбæрцæбæл æндиуд æма æнтæстгин адтæй, æма ибæл еугурæйдæр дестæ кодтонцæ. Уæхæн лæгдзийнадæ ма цал æма цал хатти бавдиста Махъой-фурт...»***



# «КÆНДЗИНАН УÆДДÆР БЕРÆ ÆНЗТИ МАХ Æ НОМЕРÆН ЗАР!..»

***Махъоти Алихани туххæй нæ газети ци берæ аллихузон æрмæгутæ мухургонд æрцудæй, уонæй уæ еуей хæццæ нæуæгæй зонгæ кæнæн. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма ин, еуемæй, Чиколай æ фидиуæзæги хæдзари фарсбæл къæйдорæй мемориалон фæйнæг сагъд ке 'рцудæй, уæдта Цæгат Кавказ немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кæнунбæл цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уомæ гæсгæ. Махъой-фурт ба еци уæлахезон гъуддаги берæ лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæй. Е 'мтохгæнæг Иван Свиридов, болкъон, 295-аг фестæгæфсæддон дивизий штаби раздæри хецау æ имисуйнæгти уотæ финста: «Махъой-фурти тугъдон над, зæгъун æнгъезуй, райдæдта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ Кавкази уорссæр хуæнхти тугъдтити, æма цифуддæр знаги дæрæн кæнгæй, саугæнгæ Берлини уæнгæ бахъæрттæй...»***

***Æма мах дæр нæ дзубанди Махъоти Алихани туххæй идайæн Цæгат Иристон немуцаг-фйашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити хабæрттæй, зундгонд æфсæддон архайæг æма ахургонд Мурити Дадо æ1рæстæги Махъой-фурти туххæй ци очерк ниффйинста, уомæй пайда кæнгæй...***

...Чикола знаги æфсæддон хæйттæ байахæстонцæ 1942 анзи фæззæги. Батальони командир æрæмбурд кодта æфсæддонти æма син гъуддаг лæдæрун кæнуй:

– Мах базонун гъæуй, немуц циуавæр хъауритæй архайуй, сæ штаб кæми æй æма сæмæ идарддæр ци фæндæ ес, уой. Уони ку исбæлвурд кæнæн, уæд нин æнцондæр уодзæнæй æрбалæборгути хæццæ тохун.

Махъоти Алихан æ бунатæй фестадæй æма загъта:

– Мæн рарветæ тъасхи.

Командир деси бацудæй:

– Æма ду тъасхæгæнæг ку нæ дæ, фал пулеметæйæхсæг, уомæй дæр роти командир.

– Гъо, пулеметæйæхсæг дæн, фал æз еугуремæй дæр хуæздæр исæнхæст кæндзæнæн тъасхæгæнæги куст, – загъта Алихан, – уомæн æма ардигон дæн, Чиколай райгурдтæн, ами ахур кодтон скъолай.

– Е æндæр гъуддаг æй, ами бунæттæ, æвæдзи, хуарз зонис... Цæй, куд? Лейтенант Махъой-фуртæн бабарæ кæнæн аци ихæс? Тугъдон командир ке æй, уой нæ еугурдæр зонæн.

Æцæгæйдæр, уæди агъоммæ Алихан тухтæй Хонсайраг æфсади хæццæ, архайдта Цæгат Кавкази, Фæскавкази фронти, нур ба æ райгурæн гъæумæ æрбахаудтæй. Ардигæй 1940 анзи бацудæй ахур кæнунмæ Орджоникидзей фестæг училищемæ.

...Изæрæй Махъоти Алихан е 'мбæлтти хæццæ, тохæндзаумауæй ефтонг уогæй, багъузтæй Ирæфи билæмæ, е 'скæсæйнаг билгæрæнтти сосæггай багъузтæй Чиколайæй минкъий изолдæр Дзæгъепбарзмæ, æ них исаразта æ зонгæ зæронд ахургæнæги хæдзарæмæ. Тъасхæгæнгутæ хæдзари алливарс сæхе баримахстонцæ, Алихан дуар гъавгæй бахуаста.

– Кæци дæ? – райгъустæй медæгæй нæлгоймаги гъæлæс.

– Хеуæнттæ ан, байгон кæнæ дуар, – нидæн гъæлæсæй дигоронау загъта Алихан. Дуар сабургай байгон æй. Зæронд ахургæнæг æфсæддонти ку фæуидта, Алихани ба ку базудта, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй.

– Ду дæ, Алихан? Кæцæй фæдтæ?

– Фæстæдæр дин лæмбунæг радзордзæнæн хабæрттæ. Нур ба хъæбæр æнæевдæлон ан. Дæ агъаз нæ гъæуй. Гъæуи знæгтæ кæми æрæнцадæнцæ?

– Æрбадайтæ, фæйнæ комидзаги искæнетæ...

– Нæ, рæстæг махмæ не 'нгъæлмæ кæсуй.

Ахургæнæг син радзурдта: знаги афицертæ æма æфсæддонтæ æрбунат кодтонцæ скъолай азгъунсти. Гъæуайгæстæ æрæвардтонцæ аллирдигæй, сæ бацæуæнтæ æхгæд æнцæ.

Алихан ин райарфæ кодта, хуæрзæхсæвæ загъта зæрондæн æма скъолай æрдæмæ фæннæхстæр æнцæ, цæугæ-цæун унаффæ рахастонцæ: ниццæвун гъæуй гитлеронти. Скъоламæ хæстæг бацудæнцæ, гъæуайгæс автомати хæццæ дууердæмæ куд рацо-бацо кодта, уой саудалинги æрæстæфтæнцæ. Дууемæй фæстети багъузтæнцæ æма 'й фæссабур кодтонцæ. Дууæ-æртæ минуттей фæсте ба гъуддаг конд адтæй. Махъой-фурт е 'мбæлтти хæццæ æрбаздахтæй штабмæ, уацари ци афицерти райста, уони бунатбæл исæмбæлун кодта, ци документтæ байста знагæй, уонæй базудтонцæ немуци пълæнттæ. Аци цауи туххæй лейтенант Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй фиццаг хецауадон хуарзæнхæ – майдан «За боевые заслуги».

Немуц Иристони зæнхæбæл берæ нæ фæххаттæнцæ. Сурх Æфсади хæйттæ син бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ æма ледзæги фæцæнцæ. Бæгъатæрæй тухтæй 295-аг æхсæг дивизий рæнгъити Махъоти Алихан, иннети хæццæ уæгъдæ кодта сахартæ Нальчик, Пятигорск, Кисловодск, Ессентуки, Армавир, Краснодар. Махъой-фурт, батальони командир уогæй, уæззау цæф фæцæй, фал æ хайии байзадæй, æхе дзæбæх кæнунмæ некумæ бакумдта.

Еуафони æсгаргутæ фегъосун кодтонцæ, станцæ Трудолюбовки знаг тухгин ке æрфедар æй, уой туххæй.

Дивизий командир болкъон Филатов фæдздзурдта, цæмæй равзаронцæ нимпурсунмæ сæрмагонд къуæрттæ. Еци къуæрттæй еуей сæргъи æрлæудтæй хестæр лейтенант Махъоти Алихан. Æ къуари разæй æрæвардта дзармадзантæ, уотемæй станцæмæ балæбурдтонцæ æма сæ бон бацæй немуци расорун уордигæй. Лæгдзийнадæ æма æхсарæ ке равдиста, уомæ гæсгæ Алиханæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай орден.

1944 анзи советон æфсæддонтæ цæугæдон Днепрбæл бахезунмæ сæ уод гъардтонцæ. Знаг фæстæмæ цудæй, фал Каховкæ æма Херсони рази ба нихкъуæрд лæвардтонцæ махонтæн. Цæугæдони иннæ фарс немуц федæрттæ исаразта æма уони ниддæрæн кæнунбæл адтæй сæ тох Махъоти Алихани батальони æфсæддонтæн. Аци рауæн Днепри уæрхæ 'й дууæ километремæ хæстæг, никки ба ма Украини еци уалдзæг уарунгун фæцæй æма цæугæдон æ билгæрæнттæй ракалдæй. Алихани багъудæй бæлæгътæ агорун, уони фæрци æнцондæрæй байервæздзæнæнцæ æхсæвигон дони иннæ фарсмæ.

Цубур рæстæги фæсте Алихан фегъосун кодта уæлдæр командиртæн: æ батальон цæттæ æй нимпурсунмæ. 13 мартъий æхсæвигон бæлæгъти банакæ кодтонцæ тъасхæгæнгутæ, сапертæ, пулеметæйæхсгутæ, сæ хæццæ – Алихан дæр. Æхсæвæ райдæдта уарун, кодта думгæ, талингæй æгириддæр неци зиндтæй. Знаг æрбалæборунæй нæ тарстæй, уæхæн рæстæг ка тохуй, уæлдайдæр ба уæхæн цæугæдони сæрти ка бандеудзæнæй. Цæугæдони нигулæнмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд бæлæгътæ фæстæмæ иннетæмæ рарвистонцæ, Алихани къуар ба, гъуддагæн ка неци лæдæрдтæй, еци фашисттæбæл ралæудтæнцæ, бæгънæгутæй фæйнердæмæ лигъдæнцæ æма сæ мæлæт ирдтонцæ.

Уотемæй æнæгъæнæ дивизи донуордæг фæцæй æма знаги басастонцæ.

Арæхстгин разамунд ке лæвардта Днепри сæрти бахезунбæл, уæдта лæгдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй Махъоти Алихан Амурхани фурт ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми унаффæмæ гæсгæ 1944 анзи 3 июли хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини орденæй.

Не 'фсæдтæ размæ æмпурстонцæ. Бахизтæнцæ цæугæдæнттæ Хонсайраг Буг æма Днестрбæл. Алихани æфсæддонтæй еу дæр нæ фæгъгъудæй, лæвардта дæсни разамунд æма ин лæвæрд æрцудæй Фидибæсти тугъди фиццаг къæпхæни орден.

1944 анзи сæрди не 'фсæдтæ искæдзос кодтонцæ гитлеронтæй Украини нигулæн районтæ æма сæ них исаразтонцæ Европи иннæ бæститæ исуæгъдæ кæнунмæ. Советон Æфсад фиццагидæр æ агъази къох кæмæ бадардта, е адтæй Польшæ. Ами дæр Махъоти Алихани батальон æхе лæгигъæдгунæй равдиста, фиццæгти хæццæ бахизтæнцæ цæугæдон Вислæбæл æма пурхæ кодта фашистти. Алихан бабæй фæццæф æй, нæ кумдта госпитæлмæ, фал си берæ тог ке фæккалдæй, уомæ гæсгæ ба 'й æвæстеуатæй исæмбæлун кодтонцæ дохтиртæбæл. Госпитæли уогæй берæ хæттити æхе курдта тугъди будурмæ æма фæстагмæ исæнхæст æй æ курдиадæ: нæуæгæй æрвист æрцудæй фронтмæ.

– Майор Махъой-фурт, уæ бæрнæхсти уогæй, идарддæр цæттæ æй е 'фсæддон службæ хæссунмæ! – раст æрлæудтæй æхсæн полкки командири рази.

– Идарддæр службæ зæгъис, – бафарста дæлболкъон Чайка æма имæ лæмбунæгдæр бакастæй. – Мæнмæ гæсгæ, кæмидæр фембалдан.

– Гъо, фембалдан. Æз дæр аци дивизий тухтæн, æцæг æндæр полкки.

– Мах дивизий? Кæми? – десхузæй бафарста Чайка.

– Гъуди кæнис Нальчик, станцæ Добролюбовкæ, Херсон?

– Гъо, гъо, гъуди кæнун. Ду уæд командæ кодтай раззагдæр батальонæн. Раззæгти хæццæ бахизтæ Днепр, Буг, Днестри сæрти. Дæу туххæй еци рæстæг берæ дзубанди цудæй... Нæма феронх дæ, разæй куд цæун гъæуй, уой? Нур дæр дæ разæй ка цæудзæнæй, уæхæн батальони сæргъи ниввæрдзинан, æвæдзи, – загъта Чайка æма Алихани дзуапп æ зæрдæмæ фæццудæй:

– Е хæстæгдæр тугъди рабæрæг уодзæнæй.

Æма, æцæгæйдæр, Чайки мæйæ æмæ æрдæги фæсте курдиадæ финсун багъудæй, цæмæй Махъоти Алиханæн Советон Цæдеси Бæгъатæри ном раттонцæ, уой туххæй. «1945 анзи 26 мартъийæй 2 маймæ цæугæдон Одери рази ци мæлæтдзаг тох цудæй, уоми Алихан равдиста æхе æндиудæй, тæккæ уæззаудæр уавæр ку исæвзурдæй, уæд Махъой-фурт гранатти басти хæццæ æ фазæбæл бабурдæй, æ хæццæ иннæ сурхæфсæддонтæ дæр æма цубур рæстæгмæ знаг тугъди будури ниууагъта аст содзгæ танки, сæ размæцуд урæд æрцудæй. Цубур рæстæгмæ бабæй фашисттæ нæуæгæй æрбалæбурдтонцæ. Карз тохи фæсте Махъоти Алихани батальон нæуæгæй фæстæмæ рагæлста немуцаг æрдонгти. Бони æмбесмæ авд хатти нихкъуæрд æрцудæй немуцæн. Изæрæй гитлеронти дууæ фестæг полкки, 50 танки сæ разæй, уотемæй нæуæгæй æрбампурстонцæ фиццаг батальонбæл, фал сæ гъавд нæуæгæй фæссикк æй. Майор Махъой-фурти дæсни разамундæй, æ лæгигъæдæ æма æхсари фæрци æ бон бацæй знаг бауорамун».

Фæстæдæр фæццæф æй, фал æ тохун нæ ниууагъта, æ батальонæн Берлини гъæунгти тохгæй, лæвардта дæсни разамунд, байахæстонцæ вокзал æма сахари цуппар квартали.

«Берлини тугъдтити батальонæн æмбæлгæ хузи разамунд ке лæвардта Махъоти Алихан, æхсарæ æма лæгигъæдæ ке равдиста, уой туххæй Махъоти Амурхани фурт Алихан æй Советон Цæдеси Бæгъатæри номи аккаг», – финста полкки командир Чайка. Еци фæндони фарс рахуæстæй фæндзæймаг æфсади командæгæнæг инæлар-болкъон Н.Э. Берзарин, фиццаг Белоруссаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Г.К. Жуков. Æма 1946 анзи 15 майи ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Уæлахезонæй исæздахтæй Иристонмæ æма хъазауатонæй бавналдта ихæлд хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнунмæ. Ами дæр кæддæриддæр адтæй фæнзуйнаг, раззаг, æгъдаубæлхуæст адæймаг.

*Махъоти Алихани æ уосиатмæ гæсгæ байвардтонцæ, Чикола немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй уæгъдæ кæнуни тугъдтити æ тугъдон æмбæлттæй ка фæммард æй, етæ кæми æвæрд æнцæ, еци Æнсувæрон уæлмæрдти Чиколай уæлбилæ – мæнæ уæлдæр ци къарæ мухур кæнæн, уоми æ фæсте зиннуй еци уæлмæрдти æвæрд еумæйаг цирдзæвæн...*

***Михаил КАЛИНИН, Цæгат Иристон 1934 анзи бабæрæг кæнгæй, архайдта нæ республики автономий дæсанзон юбилейи кадæн арæзт дзиллон мадзæлтти. Уонæй еуеми, бæрæгбони фæдбæл Реданти исарæзт митинги уотæ загъта: «Абони аци цъæх фæзæмæ ци кадгин бæрæгбони фæдбæл æрæмбурд ан, е ма никкидæр еу хатт æвдесæн æй советон хецаудзийнади***



***Абони МАМСУРАТИ Хаджи-Умари имисуйнæгтæ ке мухур кæнæн, уомæн ес цалдæр рæуаги. Фиццагидæр – зундгонд куд æй, уотемæй 2024 анзи бæрæггонд цæудзæнæй Цæгат Иристони автономий сæдæ анзей бæрæгбон. Нæ республикæ æ рæстæги цæмæй автономий бартæ райстайдæ, уобæл байархайгутæй ба еу адтæй Михаил Ивани фурт КАЛИНИН – уæди рæстæги ССР Цæдеси Центрон Æнхæстгæнæг Комитети сæрдар. Нæ республикæ æ автономий дæсанзон юбилей ку бæрæг кодта, уæд Цæгат Иристонмæ сæрмагондæй иссудæй (1934 анзи августи). Мамсурати Хаджи-Умар, æригон æфсæддон разамонæг, архайдта бæрæгбони мадзæлтти рæстæг æдасдзийнади гъуддæгутæ исаразуни, фескъуæлхтæй советон цардарæзти нихмæ знæгтæ уæд ци фудракæндтитæ исаразунмæ гъавтонцæ, уони нихмæ тохи. Уæд базонгæ 'й Калинини хæццæ, фембæлиуонцæ ма уой фæсте дæр. Уогæ уой туххæй Хаджи-Умар бæлвурдæй кой кæнуй æ имисуйнæгти...***



# ЗÆРДИРАЙÆЙ ИМИСУН ЕЦИ ФЕМБÆЛДТИТÆ...

**Мамсурати Хаджи-Умар æ аци имисуйнæгтæ æ рæстæги равардта журналист Мерденти Майæмæ. Базонгæ 'нцæ Мæскуй Цæгат Иристони литературæ æма аййевади декадæ ку цудæй, еци рæстæг. Уоми Мерденти Майæ архайдта газет «Молодой коммунист»-и редакций номæй. Майæ фæстæдæр æ лæги хæццæ Мæскумæ рандæнцæ цæрунмæ, æма Хаджий хæццæ сæ уотид зонгæдзийнадæ хæлар рахастдзийнæдтæмæ рахизтæй, кæрæдземæн устур аргъ кодтонцæ. Æма Хаджи æ имисуйнæгтæ дæр Майæмæ хумæтæги нæ ниууагъта – уой дæр мæнæ ауæхæн финстæги хæццæ: *«Майе Камболатовне – славной и умной дочери моего народа с бесконечным уважением...»***

**Хаджи æ еци финстæги æ имисуйнæгти туххæй уотæ дæр ма баханхæ кодта: *«Воспоминания эти написаны случайно в течение нескольких вечеров начала января с/г, когда с тоски и холода не знал куда себя девать в Болшево, куда пошел не по своей воле.***

***Вероятно, я пропустил много интересного. Почему именно я начал с этой темы свои воспоминания, не могу объяснить, хотя в моей жизни были значительно более важные и интересные события и встречи. По правде говоря, писать это я набрался храбрости и из-за Вас или для Вас, поскольку как-то обещал рассказать, но так как времени на это нет, а рассказчик я не важный и вероятно писатель еще хуже, но все же рискнул.***

***Все, что здесь написано, как будто было только вчера! Это было в уже прошедшей и никогда неповторимой жизни!***

***С большим, большим уважением к Вам***

***Хаджи-Умар МАМСУРОВ,***
***01.08.1967 г.***
***г. Москва»***

**Нур ба уæ идарддæр зонгæ кæнæн Мамсурати Хаджи-Умари имисуйнæгти хæццæ.**

Михаил Ивани фурт Калинин мæ цардвæндагбæл хъæбæр фæббæрæг æй – уæлдайдæр ба, нæ цитгин Коммунистон партий иуонг ке исдæн, еци гъуддагбæл. Нæ партий фæлтæрдгиндæр пропагандисттæй еу, æвæдзи, сæдæгай, кенæ мингай мæн хузæн адæймæгутæ исгъомбæл кодта. Мæн радзорун фæндуй, большевикти ленинон гвардий аци дзурддзæугæ минæвари номи хæццæ баст ка 'й æма мæхуæдæг æвдесæн кæмæн адтæн, еци цаути туххæй.

Михаил Калинини фиццаг хатт хæстæгмæ ку фæууидтон, уæд аци адæймаги хæццæ комкоммæ нæ дзубанди кодтон (уомæн æма комкоммæ дзубандийæн рæуонæ гъудæй). Скæсæни фæллойнæгæнгути Мæскуй коммунистон университети ку ахур кодтон, уæд нæмæ 1922 анзи феврали æви мартъий бæнттæй еуеми æрбацудæй Калинин æма ахурдзаути хæццæ лæмбунæг фæдздзубандитæ кодта. Цæргæ æма ахур кодтан Твераг гъæунги газет «Известия»-йи редакцимæ хæстæг хæдзари (Калинини хæццæ фембæлд дæр арæзт æрцудæй еци хæдзари). Æз лæудтæн хуæнхаг биццеути хæццæ, Еугуруæрæсеуон Центрон æнхæстгæнæг комитети сæрдари бæрзонд бунат ка ахæста, еци адæймагмæ кастæн æхсицгонæй.

Михаил Ивани фурт нæ къуармæ хæстæгдæр æрбацудæй æма ни алкæмæн дæр æ къох райста. Ефстæгтæй фæстæмæ кавказæгтæ – цæцæн, мæхъæл, дагестайнæгтæ, ирæнттæ, кæсгæнттæ æма æндæртæ – национ фæлуст, гъома, цохъатæ æма бухар ходтæ ке дардтонцæ, уæдта сæмæ æнæмæнгæ тохæнгарз – хъæматæ æма дамбацатæ – ке адтæй, уомæ гæсгæ, æвæдзи, Калинин е 'ргом махæрдæмæ раздахта. Алке дæр ни æ ном æма муггагæй, уæдта æндæр хабæрттæй бафарста. Æз хуæрзæригон ке адтæн, уобæл бадес кæнгæй, уой хæццæ ба ма мин мæ муггаг базонгæй, бафарста:

– Коммунистон партий иуонг Мамсурати Сахангерий дин неци хæстæг æй?

– Мæ фиди хуæрз æнсувæр æй, – равардтон æз дзуапп.

Михаил Ивани фурт къуари иуонгти бафарста:

– Сумахæй еске аци биццеуи фиди 'нсувæр Мамсурати Сахангерий фæсмæруй?

Беретæ аразий дзуапп ку равардтонцæ, уæд Калинин мæ фиди 'нсувæри æстаун райдæдта æма 'й дзурддзæугæ революционер исхудта. Михаил Ивани фурт мин мæ фиди 'нсувæри ке растудта, уомæй мæ, раст зæгъгæй, æфсæрмий багæлста.

Фембæлди кæрони Калинин ахурдзаути берæ фарстатæн лæмбунæг дзуæппитæ равардта. Уруссагау лæгъуз ка дзурдта, еци адæм дæр Калинини хумæтæги дзубанди æнцонæй лæдæрдтæнцæ. Паддзахади разамонгутæй еуемæ лæмбунæг игъосæг адæм сæ фембæлдæй аразийæй байзадæнцæ. Гъуддæгутæ нур æнцæ æнцон лæдæрæн, уæди дзаманти ба мах, агъазиау бæсти медтугъди фронттæй Мæскумæ æрбацæуæг фæсевæд, алци нæ лæдæрдтан.

Уæд Советон хецаудзийнадæбæл цудæй æдеугурæй фæндзæймаг анз. Ефстæгтæй фæстæмæ, беретæ ни каст фæцæнцæ уæддæр еу-дууæ къласи. Гъæугæ ахургонддзийнадæ райсун ба нæ еугурей дæр хъæбæр фæндадтæй.

Кæрæдзей хæццæ лимæнæй цæрæг Коммунистон университети ахурдзаутæй цубур рæстæгмæ рауадæй федар интернационалон коллектив. Коммунистон партий Центрон Комитет не 'хсæн гъомбæладон куст æнхæст кæнун кæмæн бабарæ кодта, еци адæймæгутæ сæ ихæстæ æнаййеппæй æнхæст кодтонцæ. Кустмæ еугуремæй æвзугъддæр коммунисттæй æвзурст партион комитетæн мах кодтан устур аргъ. Партий Центрон Комитети æма адæмон комиссарти Совети бæрнон косгутæ не 'хсæн зæрдиагæй гъомбæладон куст æнхæст кодтонцæ. Калинини фембæлд хуæнхæгти хæццæ дæр баст адтæй гъомбæладон кусти хæццæ. Михаил Ивани фурт нин загъта, Советон Республики адæмти 'хсæн æнсувæрон хæлардзийнадæ федар кæнун ке гъæуй, расæ æма дини хецæндзийнæдтæ нæ нимайгæй, еугур адæмтæ дæр æмбарæ ке 'нцæ, аци гъуддаги фæдбæл æндæр гъуди кæмæ исæвзуруй, уомæ ба æхе Коммунистон партий иуонгбæл нимайуни барæ ке нæййес, уой.

Хуæрзæригонæй национализми знаггадæхæссæг менеугути хæццæ ке базонгæ дæн, уомæ гæсгæ мин аци фæззинд мæ цæргæ-цæрæнбонти дæр еминæ адтæй. Интернационалон гъомбæладæй фæстæмæ æз нæ Коммунистон партийæй (уæлдайдæр ба – партий бундорæвæрæг Владимир Ильич Ленини еузæрдиуон æмтохгæнгутæй еу, Михаил Ивани фурт Калининæй) зонун берæ хуарздзийнæдтæ.

Калинини номи хæццæ баст дуккаг цау ба мæ царди æрцудæй 1923 анзи майи астæуи. 1923 анзи 5 майи æз Коммунистон университет каст ку фæдтæн, уæд мæ, мæйи æмгъудмæ мин отпуск ратгæй, службæ кæнунмæ рарвистонцæ Цæгат Кавкази æфсæддон зилди революционæхсæнадон советмæ. Раст зæгъгæй, уордæмæ рандæуни размæ мин нæхемæ фæццæунæн мæйи æмгъудæй отпуск равардтонцæ. Дзæуæгигъæумæ ку исхъæрттæн, уæд мæ фиди 'нсувæр Мамсурати Сахангеримæ, уæд е куста Хуæнхон АССР-и адæмон комиссарти Совети сæрдарæй, дууæ бони фæууогæй, Ольгинскиймæ мæ ниййергути хæдзарæмæ рандæ дæн.

Мæскуй ахур кæнгæй, мæ райгурæн гъæу фæууинунмæ бæлдтæн æма, Ольгинскиймæ кæдæй-уæдæй æрцæугæй, мæ лимæнти хæццæ берæ рæстæг рарвистон. Зæгъун гъæуй уой, æма Мæскуйæй Дзæуæгигъæумæ поездæй цæуни рæстæг Цæгат Кавкази территоримæ исхъæртгæй идардæй нæ хуæнхтæ ку рауидтон, уæд фурцийнæй мæ цæстисуг дæр ма æркалдæй. Мæнбæл ходгæй, ме 'мбæлццæнттæ мæ æфсæрмий бафтудтонцæ (æфсæрми кодтон мæ райгурæн бæстæмæ мæ уарзонддзийнади туххæй нæ, фал мæ зæрдиуагæ æгæр ке раргом кодтон, уой туххæй). Мæ райгурæн бæстæ (дзубанди цæуй еугур Цæгат Кавказбæл) æз нур дæр дуйней иннæ рауæнтæй еугуремæй фулдæр уарзун.

Уæд Цæгат Кавкази адтæй æзмæнст уавæр. Идард хуæнхон гъæути цæргутæн уæдиккон цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ æнхæстæй зонуни фадуæттæ ке нæ адтæй æма уомæ гæсгæ еуцæйбæрцæдæр фæстезад ке уадæнцæ, уомæй сæхе хуарзæн пайда кодтонцæ уорсгвардионти

**АЦИ КЪАРТÆ ИСТ ÆРЦУДÆНЦÆ, МИХАИЛ КАЛИНИН**



**Хуцаубони, 1 октябри бæрæггонд цæудзæнæй каргун адæймæгути Æхсæндуйнеуон бон.**

байзæдтæгтæ æма нæуæг цардарæзти нихмæ аллихузон тохгæнгутæ. Рагон æгъдæуттæй пайда кæнгæй, адæми æзманстонцæ, алли фудмиутæ аразтонцæ – сосæггай мардтонцæ советон æма партион разамонгути æма разæнгарддæрæй косгути. Уавæр хинцгæй, цæгаткавказаг фæскомцæдесонтæ æма коммунисттæ еци сæркъуæрти нихмæ тох кодтонцæ. Мæ хураз лимæнтæй беретæ Советон хецаудзийнадæ федар кæнуни фæдбæл тохи цагъди фæцæнцæ.

1929 анзи майи астæуи рабæрæг æй кавказаг адæмтæ Хуæнхон Автономон Советон Социалистон Республики исконди ке байеу æнцæ, уой кадæн гъæуама арæзт æрцудайдæ цитгингæнæн мадзæлттæ. Зундгонд адтæй, æма уонæми архайунмæ Еугурцæдесон Æнхæстгæнæг Центрон Комитети Сæрдар Михаил Калинин дæр ке иссæудзæнæй, е дæр. Бæрæгбон ба гъæуама арæзт æрцудайдæ ирон гъæу Ольгинскийи æма мæхъæлон гъæу Базоркиной 'хсæн цæугæдони рæсугъд билгæрони. Уоми гъæуама æрæмбурд адтайуонцæ Цæгат Кавкази еугур адæмти– цæцæни, мæхъæли, ирæнтти, дагестайнæгти, хъазахъæгти, кæсгæнтти, балхъайрæгти æма иннети минæвæрттæ.

Калинини иссуди бони нин сæумæй фегъосун кодтонцæ, Еугурцæдесон сæрдар кæбæлти цæудзæнæй, еци надмæ хæстæг рауæни хуæнхтæ æма гъæдти сæхе ци бандитæ римахстонцæ, уонæй кæцидæри сæркъуæртæ риндзи сæхе ке ниссосæг кодтонцæ цитгин иуазæги нихмæ знаггадæ исаразуни фæндæй. (Нæкæси, фæстæдæр куд исбæрæг æй, уотемæй Калинин е 'мбæлтти хæццæ æвудæй иннæ надбæл æрбацудæй...)

Партион организаций секретарь Беликкати Къолай бардзурдмæ гæсгæ æз цалдæр гæрзефтонг фæскомцæдесони рамбурд кодтон, уотемæй уони хæццæ бæхтæбæл фæннæхстæр ан, сæркъуæртæ сæхе кæми æррималмахстонцæ, зæгъгæ, нин ци рауæн байамудтонцæ, уордæмæ.

Бæхтæбæл пихситæмæ куддæр бахъæрттан, уотæ сæркъуæрти хæццæ уайтæккæ истухтан. Дæс æма инсæй адæймагей бæрцæ кæми адтæй, сæркъуæрти еци къуар еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нигулæнæрдæмæ гъæдæмæ сидзимудзи цæун байдæдта. Фæскомцæдесонтæ берæ 'нцæ, зæгъгæ, уотæ æнгъæл ци знаг адтæй, уой соргæй (мах фулдæр хъæлæба æма æхсгæ барæй кодтан, цæмæй, мах фудгæнгутæн сæхецæй берæ фулдæр ан, зæгъгæ, куд æнгъалдтайуонцæ, уотемæй ба адтан æдеугурæй дууадæс адæймаги), рамардтан цуппар бæхи, дууæ фудгæнæги ба исирдтан мæрдтæй. Фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй фудгæнгутæ сæ иннæ мæрдти сæ хæццæ фæлластонцæ.

Адæми дзубандимæ гæсгæ, мах уæлæнгай нигæд ке бакодтан, еци дууæ сæркъуæремæй уæлдай фудгæнгутæй ма фæммард æй никкидæр фондз æма фæццæф æй дууæ адæймаги. Мах къуарæй гъигæдард баййафтон айдагъдæр æз: мæ къах фæццæф æй, æма мæ сæйгæдони нихъхъан кæнун кодтонцæ. Цубурдзурдæй, бæрæгбон æнæ мæнæй рацудæй. Сæркъуæрти хæццæ тугъди ке фæццæф дæн, еци хабар ба æфсæддон зилди штабæн фегъосун кодтонцæ æма мæ сæйгæдонæмæ бахъæртун кодтонцæ. Уоми мæ бабæрæг кодтонцæ Хуæнхон Республики разамунди иуонгтæ дæр. Калинини знагæй ке багъæуай кодтон, уой туххæй мин райарфæ кодтонцæ, уæдта, нæмуги цæфæй мæ хæлаф ке раскъудæй, уой туххæй ба мин нæуæг фæлуст балæвар кодтонцæ.

Нæуæг Советон хецаудзийнади сæрбæлтау знаги нихмæ карз тохи иристойнæгтæй берæ адæм фæммард æй. Фиццаг фæскомцæдесонти еу хай фæммард æй Советон хецаудзийнади исæвзурди фиццаг æнзти знаги къохæй, иннæ хай ба байсавдæй 1937-1939 æнзти «хеуæнтти» фудракæндити æма гадзирахатдзийнади фудæй. Еци «хеуæнтти» туххæй зæгъун гъæуй минкъий бæлвурддæр. Бæсти иннæ рауæнти куд адтæй, уой æз нæ зонун, фал махмæ ба æ дзамани Советон хецаудзийнадæ ке бахъор кодта, уонæй æма сæ хъозæнттæй амунд æнзти советон æма партион разамунди бунæттæмæ (уæлдайдæр ба – медгъуддæгути оргæнтæмæ) хийнæй ка байервазтæй, еци «хеуæнттæ» (æнсувæртæ, хуæртæ, цæуæт æма æндæртæ) рæстуоддæр коммунистти æма фæскомцæдесонти ниццагътонцæ. Советон хецаудзийнадæ кæдзос фæндити хæццæ ка аразта, уонæй беретæ «адæми знæгти» номи хæццæ цагъди фæцæнцæ, Советон



хецаудзийнади нихмæ æцæгæй ка тухтæй æма ин æ хуæздæр аразгути ка бабун кодта, уонæй беретæн ба цæмæдæр гæсгæ паддзахадæ пенси ке фиста, уомæй мæмæ дессагдæр æма æбуалгъдæр неци кæсуй.

Фиццаг фæскомцæдесонтæй уæлдай фулдæр ба фæммард æнцæ Устур Фидибæстон тугъди будурти (мæ бон æй уотæ зæгъун, æма тугъди сау базур мæ райгурæн Ольгинскийи алли хæдзарæбæл дæр æхе æритудта). Уогæ е сæрмагондæй бæлвурддæр дзубандий аккаг фарста æй. Фал мæнæ абони ба мæ зæгъуйнæгтæ æндæр гъуддæгути фæдбæл æнцæ, уомæ гæсгæ ба мæ идарддæри дзубанди тугъди дзаманæй раздахдзæнæн 20-30-аг æнзтæмæ æма уин лæмбунæгдæрæй радзордзæнæн, 1924 анзи сæрди Ольгинскийи ка æрцудæй, еу уæхæн цауи.

Ольгинскиймæ Калинини иссуди рæстæг (1923 анзи) мæбæл ка æрцудæй, еци намугдзæфи фæсте ку исдзæбæх дæн, уæд мæ рарвистонцæ Ростов-Дони æрбунæттон уæвæг Цæгат Кавкази æфсæддон зилди штабмæ. Ами мæ иснисан кæнунмæ гъавтонцæ æфсæддон-политикон скъолай къурсити хецауæй, фал æз мæ разамундæй ракурдтон, 1924 анзи майи скъола каст ка гъæуама фæцайдæ, еци къурси хæццæ мин æй еумæ каст фæууни барæ раттун. Мæ курдиадæбæл мин исарази 'нцæ, исæвардтонцæ мæ взводи командири агъазгæнæгæй æма гъе уотемæй 1924 анзи майи каст фæдтæн æфсæддон-политикон скъола. Мæскуй Коммунистон университет каст фæууогæй, политикон уагæй хуæрзцæттæ ке адтæн, уомæ гæсгæ æфсæддон-политикон скъола каст фæууни фæсте фæлварæнтæ лæвардтон сæйрагдæр æфсæддон дисциплинитæй. Взводи æма эскадрони командиртæ Драницын æма Ильин мин сæ зонундзийнæдтæй парахаттæй ке хай кодтонцæ, уомæ гæсгæ сæ абони дæр зæрдæхцæуæнæй имисун.

Мæ хæццæ еумæ ахур кодтонцæ медбæстон тугъди дзамани тохæг æфсади взводи командиртæй берæ рæстæг баслужбæгæнæг дууæ хуарз æмбали – коммунисттæ Леня Карнач æма Арон Зак. Æфсæддон ахургæнæндонæ каст фæууни фæсте Карначи иснисан кодтонцæ полкки æфсæддон комиссари агъазгæнæгæй, Заки – дивизий политхайади инструкторæй, мæн ба – аци ахургæнæндони национ къурси хецауæй.

Æфсæддон скъола каст ка фæцæй, уонæн еугуремæн дæр равардтонцæ нæуæг фæлуст, мæйи æмгъудмæ отпуск, уæдта отпускæн æмбæлгæ æхца. Леня æма Арон отпуск кæми рарвистайуонцæ, е син нæ адтæй, æма син загътон, кæд сæ фæндуй, уæд сæ отпуск мæ хæццæ Ольгинскийи рарветæнтæ, зæгъгæ. Кæдзос уæлдæф (Закæн æ рæугутæ дзæбæхкæнуйнаг адтæнцæ) æма хуæрзадæ хуæруйнагæй (стонг 1921-1922 æнзти фæсте сахари хуаллаг парахаттæй нæ адтæй) син зæрдæ байвардтон. Етæ уайтæккæдæр исарази æнцæ, æма Ольгинскиймæ еумæ рараст ан.

Уайтæкки ольгинскаг фæскомцæдесонти хæццæ базонгæ уогæй, иуазгутæ бунæттон адæми астæу зæрдиагæй гъомбæладон куст æнхæст кæнун райдæдтонцæ. Карнач æма Закæн уæлдай хæлар бастдзийнадæ исæвзурдæй гъæуи фæскомцæдесон организаций секретарь æма мæ фиди 'нсувæри лæхъуæн Хъасболати (гъæубæсти медæгæ 'й Чопа худтонцæ) хæццæ.

Гъæуккаг фæсевæди раздзæуæг, фæстезад æгъдæутти знаг Чопа уомæй анз раздæр уосæ æрхудта. Еухатт изæрæй дуармæ куд бадтан, уотемæй нæмæ фæззиндтæй Чопа æма нин фегъосун кодта, æ уоси æрвадтæлтæ ин æ нæуæгигурд биццеуæн хунæ ке 'рбахастонцæ æма нæ уомæ гæсгæ ба æхемæ ке хонуй, уæхæн хабар.

– Сумах бал иуазгути хæццæ рабаддзинайтæ, ракафдзинайтæ, цалинмæ æз мæ бæх цæугæдонмæ дон ин бадарунмæ ракæнон, хæдзари изæйрон куститæ ракæнон, уæдмæ... Берæ нæ радзебæл уодзæнæн... Уæдта уæмæ æз дæр зиндзæнæн æма уæ хæццæ рабаддзæнæн...

Чопа мæнæн æма мæ фиди иннæ æнсувæр Бимболатæн (Валодяйæн) бафæдзахста иуазгутæн тукани тамаку балхæнун. Зæгъун гъæуй уой, æма уæди дзамани кæстæртæй тамаку думдтонцæ ефстæгтæ.

***Уодзæнæй ма.***

**1934 АНЗИ АВГУСТИ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АВТОНОМИЙ ДÆСАНЗОН ЮБИЛЕЙИ ФÆДБÆЛ АРÆЗТ ЦИТГИН МАДЗÆЛТТИ КУ АРХАЙДТА, УÆД.**





**Нæ цитгийнагдæр бæрæгбæнттæй еу – ахургæнæги Бон – бæрæггонд цæудзæнæй 5 октябри. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур ахургæнгутæн дæр. Æнæнез æма зæрдрохс уотæ!..**

***Искусственный интеллект в новой системе, запатентованной Сбербанком, сравнивает «математические слепки» голоса звонящего с базой голосов мошенников. А также ИИ расшифровывает диалог по определенным фразам, которые часто используют аферисты. Новая технология кроме традиционных вызовов может обрабатывать звонки через популярные мессенджеры (Whatsap, Viber, Telegram, и др.) включая и видеовызовы.***

## ЦАРДИ БÆТТÆНИ КÆРОН КУ ÆРАХÆССАЙ, УÆД ДÆ ÆХУÆДÆГ ЛАСДЗÆНÆЙ Æ ФÆДБÆЛ!..

# «ФÆЗЗÆГ МЕ ’РВАДÆ ÆЙ...»



***Фæззигон бæнттæ ралæудтæнцæ æма æрдзи æйййивддзийнæдтæмæ кæсгæй зæрдæбæл æрбалæуунцæ, нæ зундгонд публицист æма финсæг Æгъузарти Таймораз аци рæстæги туххæй ци литературон миниатюритæ ниффинста, етæ. Еу си хунгæ дæр уотæ кæнуй – «Фæззæг». Æма си уотæ зæгъуй:***

***«Фæззæг ме ’рвадæ æй. Æ игуæрдæнти фæсалæ – мæ дзиккотæ, æ еугай цъæх сифтæ – мæ цæститæ, æ бæлццон мæргътæ – мæ сагъæстæ, æ уоддзæф – мæ бæлдæ, æ сæлфунæг – мæ мæтъæл, æ хортæ – мæ цийнитæ. Гъо, фæззæг дæн æз!..»***

***Гъе уæхæн æнцæ Æгъузари-фурти гъудитæ фæззæги туххæй. Сумах ба куд тергади кæнетæ фæззигон рæстæг? Аци фарстайæн дзуапп раттун уин цæмæй æнцондæр уа, уой туххæй уин фæйййагъаз кæндзинан мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæй. Аразий дзуапп си кæбæл раттайтæ, уомæй уæхецæн банимайетæ 2 балли, æнæаразий дзуаппи «аргъ» ба ’й 0 балли.***

**1.** Бонæй-бонмæ зинæй-зиндæр кæнуй сæумæй исистун?

**2.** Арази айтæ уобæл, æма аци рæстæги уæбæл фулдæр исæмбæлуй тарæрфуг адæм?

**3.** Ахидæй-ахиддæр уæ фæффæндуй хебарæй сабур уавæри рабадун?

**4.** Бæлæстæй ци сифтæ ’ркалдæй, етæ уотид бугътæ ’нцæ къахнæдтæбæл?

**5.** Зингæ æстæндæр рацæуетæ гъæунгæмæ?

**6.** Æгирид нецæй фудæй дæр фæллайун ке байдæттайтæ, уой æстæфетæ?

**7.** Сауæнгæ гъар уæледарæси дæр фæззигон уазалгомау уин фæууй?

**8.** Фулдæр хуæрун байдæттайтæ æви уæмæ уоййасæбæл нæ цæуй хуæрун?

**9.** Уалдзæги уин куд бантæсуй, уотæ уин фæззæги нæбал æнтæсуй?

**10.** Сауæнгæ уотид сæлфун дæр уин уæ кеми фехалуй?

**11.** Уæ хæццæ уæ зонтик райсун ке гъæуй, е уин уæ зæрдæбæл уæ иуæнгти рист æрлæууун кæнуй?

**12.** Фæззæг уоййасæбæл бæзгæ рæстæг нæй спортæй архайунæн?

**13.** Бонигъæдæмæ гæсгæ уæхебæл ци искæнайтæ, уæхæн уæледарæс уин нæййес, зæгъгæ, гъуди уæмæ ахид фæззиннуй?

**14.** Хæдзари кæнуйнаг гъуддæгутæ уæ тингун кæнун байдæдтонцæ?

**15.** Ахиддæр уæмæ зиннун байдæдтонцæ царди тæлæни туххæй гъудитæ?

**16.** Фæззæг цъумур къахидарæси рæстæг æй?

**17.** Раст уодзæнæй зæгъун, æма уин еудадзугдæр нæ фагæ кæнуй хори рохс?

**18.** Æрæги дæр ма уин æхцæуæн ци адтæй, е уин уоййасæбæл цийнаг нæбал æй?

**19.** Арази айтæ уобæл, æма фæззигон уарзондзийнади гъуддаг аразун зиндæр æй?

**20.** Аци афони алли анз дæр уæлдай хъæбæрдæр раргом унцæ еугур незтæ дæр?

**Нур ба банимайетæ уæ дзуæппити «æргътæ» æма искæнетæ хатдзæгтæ.**

**0-10 балли.** Æвæдзи, лæгъуз нæ райахур айтæ фæззигон афонæбæл. Идарддæр дæр уæхе гъеуyотæ дарунбæл архайетæ, уомæй ба уин фæйййагъаз уодзæнæнцæ уæ цардиуаги фæткитæ æнхæст кæнун æма рæстмæ хуæлцадæ. Ци гæнæн æма амал ес, уомæй тиллеф кæнетæ гъенцъунтæй æма æгæр фæллайунæй.

**12-24 балли.** Еуцæйбæрцæдæр уин уæ уоди цирен фæнниллæгдæр æй æма е, æвæдзи, айдагъ анзи рæстæгути раййивди фудæй нæй. Ка ’й зонуй, расагъæс уæ кæнун гъæуй, уæ царди хузæ раст æй æви нæ, уобæл. Иссеретæ равгæ бассейн æма спортзал бабæрæг кæнунæн. Кæд уин уомæн нуртæккæ гæнæн нæййес, уæдта уæддæр сæумон рæуæг гимнастикæбæл æнæнвæрсон ма уотæ. Ма уи уæд иронх – æзмæлд цард ке æй, е!.. Бæргæ пайдайаг уидæ æрдзон рауæнтæмæ рацæун дæр.

**26-40 балли.** Аци хатдзæгмæ гæсгæ ба, æвæдзи, уотæ зæгъун æнгъезуй, æма кæд уæ дзуæппитæ æргомзæрдæй æнцæ, уæд æнæмæнгæ байдайун гъæуй уе ’рхæндæг фæссорунбæл архайун. Цæмæй æнцондæрæй фунæй кæнайтæ æма уæ медуоди æнцойнадæ – хуссуни размæ уæхе ниртайетæ уæнгуæгъдæгæнæн дони. Уæ зæрдæбæл бадаретæ: адæймагæн æ хелæдæрундзийнади гæнæнтæ фæйййагъазиаудæр кæнунæн пайда ’нцæ, йод кæми ес, уæхæн хуæруйнæгтæ: хузгин къабуска, денгизон кæсалгæ, устрицитæ, моллюсктæ, фейхоа... Ци гæнæн æма амал ес, уомæй архайетæ азгъунсти минкъийдæр, иуонгрæуæггæнæг сатæг уæлдæфи ба фулдæр унбæл. Пайдайаг æй дæ тергади зæрдæхцæуæн гъуддæгутæмæ раздахун дæр. Уæ хеуæнтти хæццæ бабæрæг кæнетæ ести зæрдæмæдзæугæ равдист, фæццотæ театрмæ дæр æма киномæ дæр, æнцойдзийнадæ хæссæг хуæрæндони уе ’рдхуæрдтæ æма хуарз зонгити хæццæ бабадетæ. Сæйрагдæр ба – еунæгæй ма изайетæ уæхемæ æнтъуссæг уати медæгæ телевизор æма компьютери евгедæй!..

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1. Æцæгæйдæр бонæй-бонмæ нæ, фал сахаттæй-сахатмæ циуавæр зайæгой ирæзуй?**
**а)** Бамбук. **б)** Нартихуар. **в)** Æзгъæллагæ. **г)** Сæкæри хъæзæ.

**2. Циуавæр дзурд нæ фагæ кæнуй, Иван Тургенев кæддæр ке ниффинста, еци загъди: «Дæс французаги ку исеу уонцæ, уæд дзубанди æнæмæнгæ рацæуй... туххæй»**
**а)** Ниуазуни. **б)** Силгоймæгти. **в)** Театри.

**3. ССР Цæдеси 1945 анзи февралæй фæстæмæ еумæ райсгæй хуæдтолги, бæлвурдæй ба хуæдтолгæ «Победа»-йи фиццаг «хебарæ бардарæг» ка иссæй?**
**а)** Диктор Юрий Левитан. **б)** Гроссмейстер Михаил Ботвинник. **в)** Тæхæг Иван Кожедуб. **г)** Шахтер Алексей Стаханов.

**4. Китайи Адæмон Республики Паддзахадон Гимн циуавæр ном хæссуй?**
**а)** «Сæнтсурх кæнуй искæсæн». **б)** Цитгин фæтæг. **в)** «Бархеуонти марш». **г)** «Æновудæй архайгути зар».

**5. Советон милици циуавæр ном æмбалон адтæй инæлари номи æмхузон?**
**а)** Командор. **б)** Комиссар. **в)** Статтон унаффæгæнæг. **г)** Профессор.

**6. Дзæуæгигъæуи зæрдæбæлдаргæ рауæнтæн сæ уиндгундæртæй еу æй Байеудзийнади фæзæ (Советон доги хундтæй Октябри 50 анзей фæзæ). Уомæн æ федауцæ ба ’й Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни 200 анзей кадæн цирдзæвæн. Кæци анзи æвæрд æрцудæй?**
**а)** 1974. **б)** 1982. **в)** 1984. **г)** 1994.

**7. «Дæс æма авдинсæй немуцаги ниццагъта Иристони сæрустур фурт Милдзихи-фурт. Нæ бæсти ин кæци кизгæ нæ зæгъдзæнæй бознæ!..» Уотæ æхсаргин Милдзихти Хаджимурзи тугъдон æскъуæлхтдзийнади туххæй советон номдзуд финсгутæй ка финста?**
**а)** Константин Симонов. **б)** Петр Павленко. **в)** Илья Эренбург. **г)** Сергей Михалков.

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 36-аг номери мухургонд фарстатæн**

1. Алексей Рыков. 2. Мадоннæ Конестабиле. 3. Париж. 4. Людмилæ Гурченко. 5. Платинæ. 6. Хетæгкати Къоста. 7. Петр Павленко.

## И ЧТО ТОЛЬКО НЕ УСЛЫШИШЬ В ЭТОЙ ЖИЗНИ!..

Парень догоняет девушку:
– Девушка, девушка, можно с вами познакомиться?
Девушка, оборачиваясь:
– Нет!
– И славу богу!

* * *

По итогам проверки школьных сочинений «Как я провел лето» было раскрыто: три грабежа, два теракта и пять угонов иномарок.

* * *

Собери 500 долларов, положи их в конверт, пришли нам – и ты получи футболку с надписью «Лох»!

* * *

– Самое печальное блюдо на свете – это пюре. Вроде картошка как картошка, но такая подавленная...

* * *

По городу несется маршрутка... Пассажир, протягивает вперед деньги:
– Передайте, пожалуйста, водителю на венок.

* * *

На уроке ботаники. Учитель спрашивает, какое самое благоприятное время для сбора яблок. Петя:
– Август.
Таня:
– Сентябрь.
Вовочка:
– Когда собака привязана.

* * *

– Кто, в конце концов, в доме хозяин?! – набравшись духу, закричал муж.
– Я, – спокойно ответила жена. – А что?
– Да нет, ничего... Все в порядке. Я просто спросил.

* * *

В налоговой инспекции:
– Когда я могу взять отпуск?
– Но вы не являетесь нашим сотрудником.
– Но я работаю практически для вас!

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650,. Заказ № 2135.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.09.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.09.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.